

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010: 129) sumber data tina panalungtikan nya éta subjék anu ngahasilkeun éta data. Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII B SMP Yadika Cicalengka taun ajaran 2012/2013, nu jumlahna 40 siswa, 16 lalaki sarta 24 awéwé.

3.2 Désain Panalungtikan

Arikunto (2006: 22-23) nétélakeun yén nu disebut désain panalungtikan téh nya éta prosés nu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah: 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) milih pamarekan, 6) nangtukeun sumber data, 7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 8) ngumpulkeun data, 9) analisis data, 10) nyieun kacindekan, jeung 11) nyusun laporan (Arikunto, 2010:61).

Galur panalungtikanana baris diébréhkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1

Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Djadjasudarma (2010:1) métode nya éta cara anu disusun pikeun ngahontal pamaksadan sarta prosedur tersistem pikeun méré solusi sangkan tujuan anu geus ditangtukeun kahontal. Méthode panalungtikan mangrupa pakakas anu dipilih dina ngalaksanakeun panalungtikan, ieu hal luyu jeung pamadegan Djadjasudarma (2010:3) anu nyebutkeun yén métode panalungtikan mangrupa pakakas jeung téhnik anu digunakeun dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data. Ku kituna dina ngalakukeun panalungtikan kudu ngagunakeun métode anu bener sarta luyu jeung tujuan panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode deskriptif, nya éta métode anu ngajelaskeun data sacara jéntré, ku cara ngagambarkeun, nganalisis, jeung méré klarifikasi sacara objektif. Méthode déskriptif ngagambarkeun kaayaan objek panalungtikan di lapangan sacara paktual.

Ieu panalungtikan téh nalungtik ngeunaan éféktifitas téhnik tarucing cakra pikeun évaluasi pangajaran maca carpon di SMP. Salian ti éféktifitas tarucing cakra, dina ieu panalungtikan ogé nganalisis validitas jeung reliabilitas tarucing cakra salaku alat évaluasi dina pangajaran maca carpon di SMP.

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel

Dina ieu panalungtikan, aya dua variabel, nya éta variabel bebas jeung variabel kauger. Anu jadi variabel bébas (variabel X) dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tarucing cakra salaku faktor anu mangaruhan. Sedengkeun anu jadi variabel kaugerna nya éta pangajaran maca carpon di SMP.

3.4.2 Wangenan Operasional

Sangkan teu ngawangun persépsi anu ambigu, di handap ieu didadarkeun sacara operasional istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

1) Tarucing Cakra

Tarucing cakra salaku alat évaluasi nya éta salah sahiji aternatif dina prosés kagiatan diajar-ngajar pikeun ngarojong jeung ngalancarkeun prosés pangajaran di kelas. Tarucing cakra mangrupa média nu sederhana jeung teu bireuk deui di sakabéh kalangan masarakat, kaasup siswa.

2) Carpon

Carita pondok nya éta carita wangun prosa anu rélatif pondok. Pondok di dieu maksudna nya éta bisa dibaca kurang ti sajam; karakter dina carita, plotna (galur), sarta setting-na kawatesanan, henteu rupa-rupa tur teu kompleks. Carpon mangrupa salasahiji materi nu diajarkeun dina pangajaran Bahasa Sunda. Dina carpon aya nu disebut unsur intrinsik. Eta nsur intrinsik téh di antarana nya éta : (1) téma, (2) plot, (3) tokoh, (4) setting, (5) Sudut pandang, (6) amanat.

3) Carpon Rumaja

Carpon rumaja mangrupa salasahiji rubrik nu aya dina majalah mingguan basa Sunda *Manglé*.

3.5 Instumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés sacara tinulis. Siswa dibéré soal, tuluy siswa dititah migawé atawa ngajawab soal nu dibikeun ka manéhna. Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sanggeus ngagunakeun tarucing cakra. Dina ieu panalungtikan digunakeun observasi langsung, nya éta observasi anu dilaksanakeun sacara langsung ka objék nu ditalungtik.


Tes I dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon saméméh ngagunakeun tarucing cakra. Sedengkeun Tés II dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh ngadéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon sanggeus ngagunakeun tarucing cakra salaku alat évaluasina. Lambaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan mangrupa paréntah, anu kudu dilaksanakeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran maca carpon.

Gambar 3.1
Conto Soal Tés I

SOAL!

1. Naon téma tina carpon nu tadi dibaca ku hidep?
2. Saha tokoh utama dina éta carpon?
3. Naon judul carpon nu dibaca ku hidep?
4. Disebut naon hal anu jadi dasar atawa jadi inti carita tina carpon?
5. Istilah séjén tina latar nya éta?
6. Naon amanat tina carpon “Pésbuk Asih”?
7. Saha nu jadi tokoh utama dina carpon “Pésbuk Asih”?
8. Saha ngaran lalaki nu kungsi jadi babaturan deukeutna Asih nu kenalna tina pésbuk téh?
9. “hey Sih! Pasti keur ngecék FB, nya!” Sintia, babaturan sakelasna nyampeurkeun. Asih ukur ungueuk, paneuteupna ukur manco kana layar computer hareupeunana.
Ngaran babaturanna tokoh Asih nya éta?
10. Runtuyan jalanna carita disebut?
11. Sabubarna sakola, paling henteu satengah jam Asih nongkrong di dinya. Komo apan waktu buka perpustakaan téh nepi ka jam 4 soré. Atuh sabataé Asih loba pisan waktu pikeun ngadukdukan FB di dinya.
Latar tempat dina sempalan ieu carpon nya éta?
12. Kaayaan jiwa si palaku dina carita, naha si tokoh dina kaayaan sedih, gumbira atawa nu séjénna disebut ...
13. Pesen ti pangarang nu hayang ditepikeun ka nu maca disebut ...
14. “Haaah?” Sintia reuwas kacida, “terus... éta HP canggi ka mana ayeuna? Diinjeum ... dijual ku manéhna nya?” kareuwas Sintia nu kacida, marengan ceurik Asih nu beuki ngagukguk dina tangkeupanana.
Suasana dina sempalan carpon di luhur nya éta ...
15. Sebutkeun tokoh/palaku nu aya dina carpon “Pésbuk Asih

Gambar 3.2
Conto Soal Tés II
TARUCING CAKRA



Kagigir

1. Disebut naon inti carita atawa ide pokok nu bisa dijadikeun sumber carita (dibalikeun)
2. Naon judul carpon nu dibaca
4. "hey Sih! Pasti keur ngecék FB, nya!" Sintia, babaturan sakelasna nyampeurkeun. Asih ukur ungukeuk, paneuteupna ukur manco kana layar computer hareupeunana.
Ngaran babaturanna tokoh Asih nya éta?
5. Dina ieu carpon, pangarang ngagunakeun alur nu kumaha ?
6. "Haaah?" Sintia reuwas kacida, "terus... éta HP canggih ka mana ayeuna? Diinjeum ... dijual ku manéhna nya?" kareuwas Sintia nu kacida, marengan ceurik Asih nu beuki ngagukguk dina tangkeupanana.
Suasana dina sempalan carpon di luhur nya éta ...
8. Itilah séjén tina alur nya éta ...
10. Pesen nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca disebut ...
13. Dina ieu carpon, pangarang ngagunakeun sudut pandang jalma kasabaraha ?

Kahandap

1. Kaayaan jiwa si palaku (tokoh) dina carita, naha gumbira, sedih jeung nu séjénna disebut ? (dibalikeun)
2. Sabubarna sakola, paling henteu satengah jam Asih nongkrong di dinya. Komo apan waktu buka perpustakaan téh nepi ka jam 4 soré. Atuh sabataé Asih loba pisan waktu pikeun ngadukdukan FB di dinya.
Latar tempat dina sempalan ieu carpon nya éta?
3. Saha ngaran lalaki nu kungsi jadi babaturan deukeutna Asih nu kenalna tina pésbuk téh?
7. "Sih ... lieur nya, kamu mah ! kadé kapanggih ku Pa Samsu ... bisa gawat geura !" Déwi babaturan sabangkuna ngingetan. "Alah ... tenang wi. Tuh tingali, si Bapana ogé asik sorangan kitu ... urang gé anteng wé ...," pokna bari nunjuk Pa Samsu nu keur anteng nyatet dina bor. Déwi ukur garo-garo teu ateul.
Dina sempalan carpon di luhur, saha nu jadi babaturan sabangkuna tokoh "Asih" téh ?
9. Istilah séjén tina setting nya éta
11. Tokoh utama dina ieu carpon nya éta ...
12. Palaku nu aya dina carita disebut ...

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Ieu téhnik miboga tujuan pikeun nyangking data saméméh dibéré *perlakuan* jeung sanggeus dibéré *perlakuan* dina prosés diajar-ngajar maca carpon, utamana dina ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon. Ieu tés dilaksanakeun ku sabab data utama nu dibutuhkeun téh nya éta data ngeunaan kamampuh siswa dina ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon. Ieu data bisa dicangking ngaliwatan hiji ukuran ngagunakeun téhnik tés.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahapan, di antarana :

- 1) ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar matéri carpon jeung unsur-unsur intrinsikna teu ngagunakeun tarucing cakra;
- 2) siswa migawé pancén anu mangrupa tés I pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon;
- 3) sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa ngaliwatan tés I, tuluy panalungtik nyiapkeun tarucing cakra pikeun diterapkeun dina pangajaran maca carpon utamana dina ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon;
- 4) ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun tarucing cakra salaku alat évaluasi dina pangajaran maca carpon;
- 5) ngalaksanakeun tés II pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré soal dina wangun tarucing cakra. Naha aya parobahan atawa henteu.

3.7 Téhnik Ngalalisis Data

Data anu geus kakumpulkeun tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil tina pre-tés jeung pos-tés tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

Data tina hasil panalungtikan ditujukeun pikeun mikanyaho masalah-masalah di handap.

- a. Kumaha validitas Téhnik Tarucing Cakra pikeun évaluasi pangajaran maca carpon di SMP?
- b. Kumaha réliabilitas Téhnik Tarucing Cakra pikeun évaluasi pangajaran maca carpon di SMP?
- c. Kumaha kamampuh ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon siswa kelas VII B SMP Yadika Cicalengka?

Pikeun maluruh masalah-masalah di luhur, aya sababaraha léngkah- léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Mariksa hasil pre-tés jeung pos-tés
- 2) Meunteun hasil tés siswa dina ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon ngagunakeun pedoman anu geus ditangtukeun dina tabél 3.1. dumasar kana éta pedoman, skor maksimal tina hasil tés siswa nya éta 100. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir ngagunakeun rumus :

$$N = \frac{\Sigma \text{skor Siswa}}{\Sigma \text{skor maksimal}} \times 100$$

Tabél 3.1
Kategori Peunteun

Peunteun	Keterangan
≥ 65	Mampuh
≤ 65	Can Mampuh

3.7.1 Uji Validitas

Uji validitas digunakeun pikeun mikanyaho sabaraha jauh *ketepatan* instrumen panalungtikan nu dipaké salaku alat ngumpulkeun data. Hiji instrumen bisa disebut valid lamun éta instrumen téh bisa digunakeun pikeun ngukur naon-naon nu kudu diukur (Sugiyono, 2012 :173). Pikeun nguji tingkat validitas ieu instrumen, digunakeun rumus korelasi nu dikokolakeun ku Pearson Brown nya éta ngeunaan korelasi *product moment* :

$$r = \frac{n \Sigma XY - (\Sigma X) (\Sigma Y)}{\sqrt{n \Sigma X^2 - (\Sigma X)^2} \sqrt{n \Sigma Y^2 - (\Sigma Y)^2}}$$

Keterangan:

r_{xy} : Koefisien korelasi

- n : Jumlah Responden
 X : Jumlah Skor hiji Item/Butir
 Y : Jumlah skor total

(Suharsaputra, 2012:102)

Sanggeus dipikanyaho sabaraha koéfisien korélasina (r), dituluykeun kana ngitung taraf signifikan korélasi, alatan ku ngagunakeun rumus distribusi *t-student*, nya eta:

$$t = \frac{r\sqrt{n-2}}{\sqrt{1-r^2}}$$

Keterangan:

- r : Koefisien korelasi product moment
 n : Jumlah responden
 t : Uji signifikansi korelasi (t_{hitung})

(Saputra, 2007: 87)

Sanggeus t_{hitung} dipikanyaho hargaana, tuluy éta harga t_{hitung} téh, dibandingkeun jeung harga t tina tabel dina darajat kabebasan (dk) nu geus ditangtukeun. Korélasi bakal signifikan lamun $t_{hitung} > t_{tabel}$, dan korelasi teu signifikan lamun $t_{hitung} < t_{tabel}$.

3.7.2 Uji Reliabilitas

Uji reliabilitas dilakuan pikeun mikanyaho yén instrumen nu digunakeun dina panalungtikan téh reliable atawa konsistén. Disebut konsistén maksudna, éta instrument téh bisa digunakeun sababaraha kali pikeun ngukur objék nu sarua jeung éta objék nu diukur téh ngahasilkeun dana nu sarua ogé. Pikeun ngukur réliabilitas instrument dina ieu panalungtikan, digunakeun rumus *Kuder Richardson*, nya éta:

$$r_{KR_{20}} = \left(\frac{k}{(k-1)} \right) \left(1 - \frac{M(k-M)}{k \cdot S^2} \right)$$

Keterangan:

Firdaus Ahsan R, 2014

Téhnik Tarucing Cakra Pikeun Évaluasi Pangajaran Maca Carpon di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$r_{KR_{20}}$ = Koefisien korelasi KR_{20}
 k = jumlah butir soal
 M = rata-rata skor total
 s^2 = varians skor total

(Suharsa, 2012 : 111)

Reliabel atawa henteuna instrumén dumasar kana kritéria saperti ieu di handap :

- Lamun $r_{itung} > r_{tabel}$, hartina soal évaluasi reliabel
- Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, soal évaluasi teu reliabel

3.7.3 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilaksanakeun ku cara uji normalitas jeung uji homogenitas.

1) Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi* kuadrat (X^2).

Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- Nangtukeun peunteun pangedéna jeung pangleutikna.
- Nangtukeun rentang (r) ngagunakeun rumus:

$$r = \text{peunteun pangedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- Nangtukeun jumlah kelas interval, ngagunakeun rumus :

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

- Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

- e) Nyieun tabél frékuénsi peunteun tés I jeung tés II kalayan ngagunakeun ieu tabél di handap :

Tabél 3.2

Format Frékuénsi Peunteun Tés I jeung Tés II

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

- f) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun Tés I jeung jeung Tés II ngagunakeun rumus :

$$\bar{X} = \frac{\Sigma f_i x_i}{f_i}$$

Keterangan :

\bar{X} = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

X_i = niléy tengah

(Sudjana, 2005: 70)

- g) Ngitung standar deviasi, ngagunakeun rumus :

Firdaus Ahsan R, 2014

Téhnik Tarucing Cakra Pikeun Évaluasi Pangajaran Maca Carpon di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$sd = \sqrt{\frac{\sum f_i \cdot x_i - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005 : 273)

h) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta :

(1) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.3

Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Tés I jeung Tés II

Interval	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	L	E _i	X ²
Σ								

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi)

(3) Nangtukeun batas kelas interval (BK)

(4) Nangtukeun Z_{itung} (transformasi standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

(Sudjana, 2005 : 273)

(5) Nangtukeun Z_{tabél}

(6) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabél}1} - Z_{\text{tabél}2}$$

(Sudjana, 2005 : 273)

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

(Sudjana, 2005 : 273)

(8) Nangtukeun niléy X^2 (chi kuadrat)

$$x^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005 : 273)

(9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005 : 293)

(10) Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria :

- (a) Lamun $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa distribusina normal.
- (b) Laun $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasina teu normal.

Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, sarta data nu dihasilkeunana normal, hal anu kudu dilakukeun satuluyna nya éta uji homogénitas varian nu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu miboga tujuan pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna sampel tina populasi anu sarua.

Léngkah-léngkah dina nangtukeun homogénitas nya éta:

- a) Ngitung variasi masing-masing kelompok

Variasi Tés I

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005 : 273)

Variasi Tés II

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005: 95)

- b) Ngitung harga vaiasi (F)

$$F = \frac{\text{Variasi anu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sudjana, 2005 : 273)

- c) Ngitung derajat kebebasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005 : 273)

- d) Nangtukeun $F_{\text{tabél}}$

- e) Nangtukeun homogén atawa henteuna data, dumasar kana criteria:
- (1) Saupama $F_{itung} < F_{tabel}$, hartina variasi sampel homogén.
 - (2) Saupama $F_{itung} > F_{tabel}$, hartina variasi sampel teu homogén.